**Belgilengen wazıypalardı orınlaw boyınsha 2025-jıldıń IV-shereginde ámelge asırılǵan jumıslar**

Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Keńesiniń keńeytilgen májilisin basqarma baslıǵı T.Ganiev ashıp berdi hám májilis kún tártibindegi gezektegi másele talqılawǵa ótiletuǵınlıǵı atap ótildi.

Kún tártibine muwapıq, 2026-jıldıń 27-fevral kúni Ózbekstan Respublikası Milliy statistika komitetiniń Kollegiya májilisinde kórip shıǵılǵan máseleler hám keleshekte statistika uyımları tárepinen ámelge asırılıwı kerek bolǵan jumıslar boyınsha belgilep berilgen wazıypalarǵa toqtap ótti.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2026-jıl 16-fevraldaǵı "Mámleketti rawajlandırıwdıń 2030-jılǵa shekem mólsherlengen tiykarǵı baǵdarları sheńberinde reformalardı izbe-iz dawam ettiriw hám jańa basqıshqa alıp shıǵıwdıń qosımsha ilajları haqqında"ǵı PP-21-sanlı jáne "Máhállelerdi rawajlandırıw hám jámietti joqarılatıw jolında tiykarǵı baǵdarlar boyınsha reformalar baǵdarlamaları hám "Ózbekstan - 2030" strategiyasın ámelge asırıw boyınsha mámleketlik baǵdarlama haqqında"ǵı PP-22-sanlı Pármanlarınıń orınlanıwın támiyinlew komitet kollegiyası tárepinen ayrıqsha atap ótilgenligi aytıldı.

Sonday-aq, aymaqlıq statistika uyımları tárepinen usı pármanlarda statistika sistemasına júklengen wazıypalardı óz waqtında hám sapalı orınlaw, tallawlardıń nátiyjeliligin arttırıw hám orınlaw tártibin kúsheytiw zárúr ekenligi de túsindirip ótildi.

Keńes májilisinde, Ózbekstan Respublikası Prezidenti hám Ministrler Kabineti jáne Milliy statistika komiteti tárepinen belgilep berilgen wazıypa hám tapsırmalardan kelip shıqqan halda, "2025-jıl ushın II yarım jıllıq jumıs rejesi"ndegi wazıypalardıń orınlanıwı, 2025-jıl ushın Statistika baǵdarlamasınıń orınlanıw jaǵdayı kórip shıǵıldı.

basqarma hám rayon (qala) statistika bólimleriniń 2025-jıldaǵı jumıs nátiyjeleri kórip shıǵıldı.

Májiliste, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2025-jıl 24-fevraldaǵı "Statistika jumısların shólkemlestiriw hám júrgiziw sistemasın jańa basqıshqa alıp shıǵıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PP-27-sanlı Pármanı hám "Ózbekstan Respublikası Milliy statistika komiteti jumısın shólkemlestiriw ilajları haqqında"ǵı PP-75-sanlı qararında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı dodalandı. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2020-jıl 17-fevraldaǵı 2025-sanlı 100-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan 2025-jıl ushın Statistika

bağdarlamasına muwapıq, yanvar-dekabr aylarında jámi 966 statistika bağdarlamasında belgilengen jumıslar múddetlerinde tolıq orınlandı.

Esabat dáwirinde, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń dáslepki juwmaqları boyınsha statistikalıq mağlıwmatlar tayarlanıp, Qaraqalpaqstan Respublikası hákimligi, Ekonomika hám qarjı basqarması hám basqa da uyımlarğa usınıldı.

Sonday-aq, 2024-jıl yanvar-dekabr, 2025-jıl yanvar-mart, yanvar-iyun, yanvar-sentyabr hám de yanvar-dekabr dáwirleri ushın "Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sociallıq-ekonomikalıq jağdayı" xabarshısı (bayanat) basıp shığarılıp, hákimlik hám tiyisli uyımlarğa jiberildi.

Májiliste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Keńesiniń baslığı kún tártibindegi gezektegi máselege toqtap ótip, Ózbekstan Respublikasınıń "Xalıqtı dizimge alıw haqqında"ğı hám "Rásmiy statistika haqqında"ğı Nızamlarına muwapıq tómendegi jumıslar alıp barılıp atırğanlığın málim etip, xalıqtıń demografiyalıq hám sociallıq-ekonomikalıq ózgeshelikleri, jasaw dárejesi hám abadanlığı, awıl xojalığınıń jağdayı hám quramı jáne xalıqtı sociallıq áhmietke ie tiykarğı túrdegi awıl xojalığı ónimleri menen támiyinlew perspektivaların bahalaw sistemasın jaratıw ushın zárúr mağlıwmatlar bazaların qáliplestiriwge qaratılğan jumıslarğa toqtap ótti. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2025-jıl 19-sentyabrdegi PP-173-sanlı Pármanı hám Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2025-jıl 7-oktyabrdegi 629-sanlı qararınıń orınlanıwına muwapıq, bir qatar jumıslar ámelge asırıldı.

Sonıń ishinde, 2025-jıldıń 2-4-oktyabr kúnleri "aymaqlıq statistika basqarmaları hámde xalıq hám awıl xojalığın dizimge alıwğa waqtınsha tartılğan xızmetkerlerdi oqıtıw boyınsha bağdarlama"ğa muwapıq sabaqlar ótkerildi;
Birinshi basqıshta, 2025-jıl 20-25-oktyabr kúnleri Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti hám statistika basqarması xızmetkerleri tárepinen 2 376 máhálle jetiligi ağzaları hám 34 ayrıqsha kategoriyadağı mákeme wákilleri, sonday-aq, barlıq shtab ağzaları da oqıtıldı;

Ekinshi basqıshta, 2025-jıl 10-14-noyabr kúnleri 2450 máhálle jetiligi ağzaları oqıtıldı.
2025-jıl 24-noyabr hám 5-dekabr kúnleri Qaraqalpaqstan Respublikasında jumıs alıp barıp atırğan shólkem hám kárxana xızmetkerlerine oqıw jumısları ámelge asırıldı (4 469 adam).
Úshinshi basqıshta, 2026-jıl 5-9-yanvar kúnleri 2 668 máhálle jetiligi ağzaları oqıtıldı.

"Máhálle jetiligi" xızmetkerleri tárepinen turaq jay obektleriniń GPS-koordinataların dizimge alıw procesin támiyinlew boyınsha zárúr shólkemlestiriw ilajları kórildi.

Oǵan bola, 407 973 obekttiń mánzilleri GPS koordinataları anıqlandı hám usı processte qatnasqan 2 062 máhálle jetiligi aǵzalarına zárúr qarjılar tólep berildi.

Xızmetkerler planshet qurılmaları arqalı maǵlıwmatlardı arnawlı málimleme sistemasına kirgiziwdi támiyinledi. Processtiń úzliksiz hám anıq ámelge asırılıwı procesinde instrukciyalar, texnikalıq járdem hám kúnlik qadaǵalaw mexanizmi engizildi. "Máhálle jetiligi" xızmetkerleri tárepinen GPS-koordinataların arnawlı málimleme sistemasına kirgiziw procesi 2025-jıl 27-dekabr jaǵdayına 100 procent tolıq juwmaqlandı.

Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması bólimleri jáne qalalıq hám rayonlıq bólimleri tárepinen 2025-jıldıń yanvar-dekabr ayları dawamında Ózbekstan Respublikası Prezidenti hám Húkimetiniń Párman hám Qararları jáne Mámleketlik baǵdarlamalardıń orınlanıwın támiyinlew boyınsha "2025-jılda statistika jumısları baǵdarlaması" sheńberinde statistikanıń tiykarǵı principlerin támiyinlegen halda bir qatar jumıslar ámelge asırılǵan.

Sonıń ishinde, Mámleketlik xızmetler orayı tárepinen dizimnen ótkerilgen kárxana hám shólkemlerdiń sanı 2026-jıldıń 1-yanvar jaǵdayına bola (fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı) 30 573 ti qurap, olardan 23 747 i yamasa 77,7%i jumıs alıp barmaqta. 2025-jıldıń yanvar-dekabr aylarında respublikamızda 3 969 kárxana hám shólkemler jańadan shólkemlestirildi.

Ózbekstan Respublikası "Rásmiy statistika haqqında"ǵı Nızamında belgilep berilgen tiykarǵı wazıypalar hám júklengen minnetlemeler tiykarında statistika basqarması tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw processleri haqqındaǵı 34 (aylıq, shereklik, jıllıq,) statistikalıq maǵlıwmatlar Qaraqalpaqstan Respublikası hákimligi hám basqa da tiyisli uyımlarǵa belgilengen tártipte berip barılǵan.

Ótkerilgen sorawlar, baqlawlar hám qabıl etilgen statistikalıq esabatlardıń nátiyjeleri ulıwmalastırılıp, tiyisli maǵlıwmatlar Komitettiń tiyisli tarmaq basqarmalarına usınılǵan.

Statistikalıq esabatlar hám baqlawlar nátiyjesinde alınǵan statistikalıq maǵlıwmatlar ulıwmalastırılıp, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń rawajlanıwın, ekonomika tarmaqları hám sociallıq tarawlarda ámelge asırılıp atırǵan reformalardıń nátiyjelerin tolıq sáwlelendiriwshi kompleksli statistikalıq hám analitikalıq maǵlıwmatlardı, sonıń ishinde, 23 press-relizler basqarmanıń rásmiy

saytına, 32 rolikler Qaraqalpaqstan Respublikası televideniesinde, 7 radio esittiriwlerinde, 8 márte Qaraqalpaqstan Respublikası gazetalarında jáne
463 sociallıq tarmaqlarda analitikalıq málimleme maǵlıwmatları jaylastırıp barılǵan.

Sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám rayon (qala) lıq statistika bólimleri tárepinen, tarawǵa baylanıslı nızamshılıq hám normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń talapların isbilermenlik subektlerine jetkeriw boyınsha turaqlı túrde profilaktikalıq jumıslar alıp barılmaqta.

Sonıń ishinde, 2025-jıldıń yanvar-dekabr ayları dawamında 3 025 respondentlerge túsindiriw jumısları alıp barılǵan.
Bunnan tısqarı, respondentler hám statistika uyımları arasında ámeldegi nızamshılıqta belgilengen qatnasıqlardı jáne de kúsheytiw arqalı nátiyjeli birge islesiwdi ornatıw, kelip túsken soraw, usınıs hám mashqalalardı úyreniw, bar mashqalalardı jedellik penen saplastırıw hám keleshekte aldın alıw maqsetinde, aymaqlıq statistika uyımları tárepinen, sociallıq tarmaqlar arqalı respondentler ushın túsindiriwler shólkemlestiriledi. Usı maqsetler ushın sociallıq tarmaqlar, atap aytqanda, "Telegram" tarmaǵında basqarmada 1, hár bir rayon (qala) statistika bólimleri tárepinen 17 turaqlı jumıs alıp baratuǵın arnawlı toparlar shólkemlestirilip, olarǵa jámi 3 681 respondent tartıldı.

Sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması hám onıń tómengi sisteması tárepinen profilaktika jumısların jáne de keńeytiw maqsetinde respondentlerge olardıń huqıq hám minnetlemeleri, statistika tarawına baylanıslı nızamshılıq hám normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń talapların túsindiriw boyınsha jergilikli ǵalaba xabar quralları (televidenie, radio, gazeta hám jurnallar) arqalı 217 shıǵıwlar shólkemlestirildi.

Basqarma tárepinen PQ-2881-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde hár aydıń juma kúnleri orınlaw hújjetleriniń jaǵdayı boyınsha 62 protokol rásmiylestirilgen. Májilis juwmaǵı menen tastıyıqlanıp atırǵan protokolları Komitet tárepinen berilgen úlgi tiykarında qáliplestirilmekte. Qadaǵalaw hújjetleri protokollarda kórsetilip, orınlaw jaǵdayı turaqlı qadaǵalawǵa alınǵan.

2025-jıldıń IV shereginde Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması oraylıq apparatına jámi 1 556 hújjet kelip túsken. Sonnan, 918 i joqarı turıwshı shólkemlerden, 638 i ministrlikler hám uyımlardan jáne 94 i XDFU hújjetleri kelip túsken. Bul korrespondenciyalar "edo.ijro.uz" baǵdarlamasına kirgizilgen,

orınlanıwı kúnlik qadaǵalawǵa alınǵan bolıp, basqarmanıń 24 buyrıǵı islep shıǵıldı hám orınlawǵa qaratıldı.

Milliy statistika komitetine 2025-jıldıń IV shereginde fizikalıq hám yuridikalıq táreplerden kelip túsken múrájatlardıń jámi sanı 143 ti qurap, olardıń 15 i (10,4%) fizikalıq tárepler, 128 i (89,3 %) yuridikalıq táreplerdiń úlesine tuwra keldi. Sonnan 76 múrájat kóshpeli qabıllawdan awızeki múrájat, 67 si tikkeley kelip túsken múrájatlardan ibarat.

Májilis sońında statistikalıq jumıstı shólkemlestiriw, rayon (qala) statistika bólimleri jumısınıń nátiyjeliligin arttırıwǵa baylanıslı máseleler dodalanıp, bul baǵdarda ámelge asırılıwı tiyis wazıypalar belgilep berildi.